




2013

# GID POU PWOFESE PRIMÈ SOU REDIKSYON RISK AK DEZAS




**Tranbleman tè ak  
sounami ka rive nenpòt lè.  
Pare pou'n pare !**

Swiv konsiy (1) DPC, (2) Kwa Wouj,  
(3) Komite Lokal Jesyon Risk ak  
Dezas ak (4) manm Ekip  
Entèkansyon Kominotè yo

**Toujou prepare plan ak  
kit ijans pou 3 jou  
epi rete veyatif**





# **GID POU PWOFESE PRIMÈ SOU REDIKSYON RISK AK DEZAS**



**Gid sa fèt gras ap sipò lajan ECHO.**

**Sa ki di nan gid la pa angaje ECHO**



**OXFAM GB**  
**Mwa avwil 2013**

## PWEMYE KOZE

Aprè kominote entènasyonal la te fini konsakre 1990-1999 ane pou prevansyon dezaz nan lemond, yon bann analiz te fèt epi te pèmèt responsab yo wè ke nou menm lòm gen anpil responsabilite nan dezaz ki ap rive toupatou sou latè. Pou rezon sa, prevansyon devni poto mitan nan travay pou diminye dega dezaz yo ka lakòz.

Nan lane 2006-2007 Nasyon Zini te lanse yon kanpay sansibilizasyon sou tèm «rediksyon risk ak dezaz komanse nan lekòl». Kanpay sa te fèt pou sansibilize lopinyon sou vilnerabilite timoun yo epi pwoteje yo kont dezaz. Menm lide sa fè wè kokenn chenn aksyon ki dwe fet depi nan lekòl yon manyè pou timoun yo konnen kisa pou yo fè devan yon risk oubyen yon dezaz.

Travay chak pwofesè anpil nan peyi d'Ayiti pliske peyi-a reyini yon bann kondisyon ki mete nou nan yon eta vilnerab. Vilnerabilite-a tèlman sansib sa dwe mande nou pridan e byen kadre chak mesaj n'ap bay timoun yo. **Gras ak ledikasyon timoun yo, anpil moun ka rive sove lavi pa yo nan tan dezaz.**

Pou kelkeswa sije-a, travay ak timoun rete yon bagay ekstraòdinè. Ale wè pou sa ki gade rediksyon risk ak dezaz. Anmenm tan timoun yo ap aprann ki jan pou yo prepare yomenm, yo pap manke transmèt mesaj la bay rès fanmiy ak zanmi yo. Plis mesaj la pase nan kè kontan, se plis timoun nan ka alèz pou pataje li bay kominote li. Si mesaj la byen pase, nou ka atann kominote yo gen plis repondong nan tan k'ap vini.

Annatandan genyen kou sou Rediksyon Risk ak Dezaz nan pwogram Ministè levasyon nasyonal peyi-a, esperyans OXFAM GB ak ASB pèmèt nou fè gid sa pou **ede profesè klas primè yo menmen ledikasyon timoun yo sou zafè rediksyon risk ak dezaz.**

Nou vle komanse di tout responsab nan ledikasyon fòmèl oubyen enfòmèl ki ap gen pou itilize gid sa yon gwo mèsi. Mèsi tou paske ou wè enpòtans travay ledikasyon sou zafè n'ap pale la. E nou rete kwè w'ap ede nou fè pwomosyon sa bò kote lòt responsab ki poko pran konsyans de sa.

Wesley TOUSSAINT,

Ofisye pwojè DRR



# Chapit I: Objektif pedagojik gid la

## 1 Objektif gid la

### 1.1 Bi

Gid sa fèt nan lide pou mete nan men pwofesè primè yo yon zouti senp yon manyè pou yo ka alèz pou òganize lekòl la, ede elèv yo prepare tèt yo, zanmi ak fanmi yo kont dezas ki ka rive nan kominote-a.

### 1.2 Ojektif yo

Objektif yo gen pou wè ak :

- Chofe konsyans profesè yo pou yo menm atire atansyon elèv ak paran sou zafè risk nan kominote-a ;
- Bay pwofesè yo konsèy pratik pou ledikasyon elèv sou kijan pou yo pwoteje lavi yo ak fanmi yo nan danje ;
- Ede lekòl yo òganize pou yo pran bonjan mezi ki ap pèmèt risk nan lekòl yo diminye epi pou genyen mwens dega sizoka dezas ta rive.

### 1.3 Pedagoji

Fomasyon sa fèt pou profesè yon manyè pou nou ka rive tabli abitud sou rediksyon risk ak dezas nan lekòl. Depi profesè yo rive fè travay sa ak elèv yo, sa ap pèmèt timoun sa yo pote lakay yo mesaj ak bon konpètman pou ede paran yo fè chanjman nan lafanmi. Ledikasyon elèv yo sou rediksyon risk ak dezas mande aplike yon pedagoji aktiv. Li bay gwoup ki vini aprann nan plis enpòtans ak plis espas pou li reflechi epi konprann. E se pedagoji sa menm nou konseye itilize lè nou ap travay ak timoun yo pou diminye risk yo nan lekòl la.



**Confucius**

Di mwen, konsa mwen ap bliye. Montre-m, konsa mwen ap sonje. Pèmèt mwen patisipe, konsa mwen ap konprann.

#### 1.3.1 Demach syantifik

Lè nou itilize demach sa, li pral pèmèt elèv yo pran anpil konesans sou bagay ki enpòtan ak fason pou yo jere dezas an Ayiti. Nou di demach syantifik paske li chita sou:

- Obsèvasyon dirèk kèk imaj sou katastwòf, ki pral devlope lespri renmen konnen elèv yo ;
-



- Tout sa elèv yo rive di, aprè tout kesyon pwofesè-a poze sou dezans yo, kote yo sòti, konsekans yo, ak fason pou jere yo ;
- Esperyans se gade dirèk sou bagay ki te rive pou tire yon leson. Se lè sa-a konesans elèv yo pral kapab bay bon repons yo ;
- Rezime yo fèt pou bay sak sòti aprè tout kesyon mèl la poze ;
- Evalyasyon ki se faz kontwòl nivo konesans sou egzèsis pwofesè-a te pwopoze yo.

### 1.3.2 Metòd aktif

Pou gen bon rezilta nan ledikasyon sou rediksyon risk ak dezans yo, nou vini ak metòd aktif la nan yon pakèt etap ak demach syantifik. Metòd aktif la chita sou elèv yo. Nan ka sa a, pwofesè-a jwe wòl animatè ak gid. Li dirije diskisyon yo, pandan li ap bay rechèch ak sa elèv yo dekouvri anpil valè. Konsa, yo ap santi yo lib epi jwenn konfyans nan tèt yo paske yo pa sou kont pwofesè-a nèt pou yo jwenn yon rezilta. Yo ap obsève ak eseye jwenn pwòp konklizyon yo.

Metòd	Yon lòt konpòtman
Poze kesyon	Elèv yo(ti gason tankou tifi) bay kèk ide aprè refleksyon an
Bay kèk ezèsis gwoup	Elèv yo aplike konesans yo
Fè yon rezime	Elèv yo mete an òd sa yo te aprann nan
Vrè/Fo	Elèv yo ap mete konesans yo an aplikasyon
Chante	Elèv yo ap aprann konsiy pou pwoteje tèt yo nan chan. Lè yo rive lakay, elèv yo chante pou paran yo

Me 2 chante nou kapab itilize nan pwogram nan.

#### « Eske-w konnen sa pou-w fè »

Eske-m konnen ? Eske-w konnen?

Eske-n konnen sa pou-n fè

Lè gen siklòn ? (2 fwa)

Eske-n konnen sa pou-n fè

Pou nou sove lavi nou?

N'ape mete kit nou pre

Pou nou kite zòn danje

N'ap mete valiz nou pre

Pou-n kite avan-l twò ta.

Pa'p sispann koute radyo

Ak sa pòtwa yo ap bay

Swiv konsiy otorite

Epi n'ap rete tèt frèt.

#### Pwoteje tèt nou

An n aprann kòman pou n

pwoteje tèt nou (3 fwa)

Lè gen yon tranbleman tè

#### **Kè**

Pa kouri (non, non)

Pa fè bri (non, non)

Pa pouse moun (non, non, non,  
non)

Pa retounen (non, non)

Pa ret pre mi (non, non)

### 1.3.3 Teknik

Pwofesè-a itilize teknik yo pou mete elèv yo nan kondisyon pou yo antre nan tren kou-a epi pèmèt kou-a. Pou chak menas pwofesè-a pral travay epi selon gwoup li genyen devan-l, genyen kèk teknik li ka mete an pratik pou elèv yo patisipe san pwoblèm. Tablo sa ki apre-a bay teknik ou kapab itilize pou chak menas yo.

### 1.3.4 Koze idantite ti fi ak ti gason

Plandan pwofesè-a ap travay ak elèv yo sou rediksyon risk ak dezaz, li pa dwe janm bliye konsidere reyalyite sosyal ki genyen ant ti fi ak ti gason yo. Apwòch pwofesè-a sou kesyon sa dwe pèmèt :

- Pa gen diskriminasyon ant ti fi ak ti gason depi nan jan pwofesè-a prepare kou-a, pase nan òganize gwoup travay, jis rive nan evalyasyon elèv yo ;
- Swiv relasyon pouvwa ki genyen ant ti fi ak ti gason ki nan klas la ;
- Ti gason tankou ti fi alèz pou patisipe tout bon vre nan tout sa ki ap fèt pandan pwogram nan.

### 1.3.5 Responsabilite 2 gwoup yo

Elèv yo ak pwofesè yo chak se yon gwoup diferan ki gen responsabilite apa nan pwosesis ledikasyon nan lekòl la. Me koman gwoup elèv la ak gwoup pwofesè-a kanpe :

Elèv : Se mèt jwèt la men yo sèlman dwe swiv plan ak konsiy pwofesè-a ap bay.

Pwofesè : Se abit oubyen gid ki ap apiye elèv yo nan dekouvèt yo ap fè epi li kenbe anbyans gwoup la. Li bati plan travay pou elèv yo, li swiv koman pwosesis la ap vanse, li bay konsèy kote sa mande, li fè limyè kote li prevwa dout oubyen kote li remake gen dout yon fason pou tout elèv yo ka pale menm pawòl.



**Tilly Smith**

Mwen fyè paske  
pwofesè mwen te travay  
sa ak mwen nan bon lè !


### 1.3.6 Plan dewoulman fòmasyon pou elèv yo

MENAS	OBJEKTIF KOU SA	KÈK KESYON ENPÒTAN	TEKNIK	ZOUTI
Tranbleman tè	<ul style="list-style-type: none"> <li>Konnen kisa ki yon tranbleman tè</li> <li>Konnen nivo yo</li> <li>Konnen ki bon konpòtman ou dwe genyen</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>Kòman ou kapab prepare-w kont tranbleman tè ?</li> <li>Ki zonn ki pi andanje ak tranbleman tè nan peyi-a?</li> <li>Kòman-w kapab pwote tèt ou kont tranbleman tè?</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>Chan “pwoteje tèt nou”</li> <li>Lokalize danje nan klas/nan lekòl</li> <li>Fè lti konsiy yo</li> <li>Fè similasyon yon tranbleman tè nan klas la</li> </ul>	Kat fay yo Postè sansibilizasyon Ti liv konsiy pou elèv yo
Sounami	<ul style="list-style-type: none"> <li>Konnen ki kote sounami yo soti e kijan yo manifeste</li> <li>Konnen kijan pou w idantifye zòn pou evakye</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>Kisa ki ka lakòz sounami?</li> <li>Kòman-w ka pwoteje tèt ou kont sounami?</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>Idantifye wout pou evakyasyon</li> <li>Fè lekti konsiy yo</li> <li>Fè egzèsis evakyasyon</li> </ul>	Postè Diskite kat evakyasyon lekòl la Ti liv konsiy pou elèv yo
Siklòn	<ul style="list-style-type: none"> <li>Konnen kòman yon siklòn fòme</li> <li>Konnen peryòd sezon siklòn nan</li> <li>Konnen ki bon konpòtman ou dwe genyen nan ka siklòn</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>Kisa yon siklòn ye?</li> <li>Idantifye tout mwa sezon siklòn yo?</li> <li>Kòman sistèm alèt siklòn fonksyone?</li> <li>Kòman-w ka pwoteje tèt ou kont siklòn?</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>Reflechi sou imaj</li> <li>Fè lekti konsiy yo</li> <li>Egzèsis gwoup sou koulè alèt pou inondasyon</li> <li>Chan “Eske-w konnen sa pou-w fè?”</li> </ul>	Postè Ti liv konsiy pou elèv yo
Inondasyon	<ul style="list-style-type: none"> <li>Konprann kòz yon inondasyon</li> <li>Konnen ki bon konpòtman yo dwe genyen</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>Kisa ki ka lakòz inondasyon?</li> <li>Kòman sistèm alèt inondasyon fonksyone?</li> <li>Kisa-w ka fè lè gen yon inondasyon ki rive?</li> <li>Kilè ou dwe evakye ?</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>Diskite sou faktè ki kòz inondasyon</li> <li>Analize postè yo</li> <li>Vizite yon kote pre lekòl la ki ka pèmèt elèv byen konprann vilnerabilite sa</li> <li>Fè lekti konsiy yo</li> </ul>	Postè Ti liv konsiy pou elèv yo
Deboulonnay tè	<ul style="list-style-type: none"> <li>Konnen kisa ki yon glisman teren, deboulonnay tè</li> <li>Konnen ki kote ki riske sibi glisman teren</li> <li>Konnen ki bon konpòtman ou dwe genyen nan ka glisman teren</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>Site tip mouvman ki ekziste nan tè a ?</li> <li>Kisa-w ka fè pou-w pwoteje tèt ou kont mouvman sa yo?</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>Diskite sou koz yon mouvman teren</li> <li>Vizite yon kote pre lekòl la ki riske ak deboulonnay tè</li> <li>Fè lekti konsiy yo</li> </ul>	Postè Ti liv konsiy yo

## 1.4 Benefisyè

Gid sa a fèt pou pwofesè nan lekòl primè, manm pwoteksyon sivil ak enspektè pedagogik yo. Li fèt tou pou elèv enstititè ki nan EFACAP (Ecole Fondamentale d'Application Centre d'Appui Pédagogique) ak pou fòmasyon k'ap travay nan domèn jesyon risk ak dezast. Men, kèk pati nan gid la kapab itil ak lòt moun ki ta vle ogmante konesans jeneral yo nan sa ki gen pou wè ak jesyon dezast.

Nan chapit II, nou va wè kisa jesyon risk ak dezast la ye.



# Chapitre II: Jesyon risk ak dezaz

## 2 Domèn jesyon risk ak dezaz

Anvan nou gade kisa jesyon risk ak dezaz la ye, li enpòtan pou nou wè ki tout bagay ki dwe reyini pou bay risk la. Risk la se yon pyès konpoze. Fòmil ki vini apre-a montre nou ki eleman ki makonnen pou risk la egziste.



Sous : Centro Regional de Referencia en Educación Comunitaria (avril 2008)

### 2.1 Pwemye mo kle yo

**2.1.1 Menas** se yon male ki pandye sou tet yon katye, yon vil oubyen yon peyi, si le frappe l'ap fè anpil dega sou lavi moun yo, byen yo ansanm ak anviwonman (kay, wout, jaden, dlo, kouran...) zòn lan. Gen plizyè kalite menas, tankou:

- Menas natirel:** tranbleman te, siklon, gwo lapli, larivye desann, lamare monte, eripsyon volkanik,
- Menas sosyonatirel:** sechres, glisman teren,
- Menas lòm kreye :** dife, lagè, polisyon ak petwòl ak pwodi chimik.

**2.1.2 Vilnerabilite** se kondisyon ou sitiyasyon ki kapab lakoz yon fanmi, yon kominote ou byen yon peyi pa gen mwayen ak kapasite teknik, finansye, oganizasyonel pou defann tet yo devan menas ou danje-a. Vilnerabilite-a gen plizyè fòm:


- Vilnerabilite anviwonmantal**, se tout sa ki regade kote n'ap viv yo, tankou kay yo, sòl yo, wout yo, kannal yo, tet mon yo.
- Vilnerabilite sosyo-kiltirel**, se tout sa ki regade lavi moun yo nan kominote a, tankou : lanmizè, pwostitisyon, nivo konesans ak kwayans moun yo.
- Vilnerabilite politik ak enstitisyonel**, se tout sa ki regade sitiyasyon politik la ansanm ak nivo enstitisyon ak oganizasyon nan peyi a.

**2.1.3 Kapasite**, se tout mwayen yon kominote genyen pou defann tèt li fas a yon malè pandye oubyen repare tèt apre yon menas frappe, yon dezaz. Kapasite yo kapab tout kalite, tankou moun, materèl, lajan.

**2.1.4 Genyen risk** se lè genyen yon menas ak yon vilnerabilite ki kapab lakoz moun yo pran gwo pataswel anba menas la. Se konsa tou manke kapasite mete kominote yo nan yon kondisyon riske.

**2.1.5 Ijans** se preske menm bagay ak dezaz, men sèlman moun nan katye-a, peyi-a gen kapasite pou bay repons oubyen pou repare tèt yo.

**2.1.6 Dezas ou katastwòf** se yon evenman ki rive bridsoukou, sanzatann e ki trennen deye li anpil chok ak dega e an menm tan plizye, plizye moun resevwa gwo pataswel san yo pa gen kapasite pou bay repons ou byen pou repare tet yo.



Menas yo toujou la, yo pi fò pase nou.

Vilnerabilite se bagay nou ka aji sou li pou diminye dega oubye anpeche nou sibi gwo pataswèl anba menas yo.

- Chak vilnerabilite mache ak yon menas.
- Si pa gen bagay oubyen lavi ki andanje, pa genyen risk.
- Si lavi ak byen yo pa twò vilnerab, lè sa nou di risk la piti.
- Si lavi ak byen yo vilnerab anpil, lè sa nou di risk la gro.

## 2.2 Jan jesyon risk ak dezaz la fèt


**Jesyon risk** se tout mezi ak aktivite yon popilasyon, yon gouvènman mete anplas pou rive, kontwole, redwi oubyen elimine dega menas yo kapab fè sou lavi popilasyon an, byen yo, sèvis yo ansanm ak anviwònman an.

**Jesyon dezaz** fèt pandan ak apre dezaz la frape. Lè sa, kominote-a, enstitisyon ak otorite yo mennen aktivite sa yo : repons, reyabilitasyon, rekonstriksyon.

**Lè risk la mal jere, li tounen dezaz**

**Jesyon dezaz koute pi chè pase jesyon risk**

### 2.3 Faz yo



Chak moso nan ronm nan vle di yon tan. Kidonk, chak faz yo reprezante yon tan nan jesyon risk ak dazas la. Nou kapab di tan yo tabli nan lòd konsa andedan ronm nan :


- (1) Avan
- (2) Pandan
- (3) Apre.

Nan chak tan sa yo geyen bagay èspesyal ki dwe fèt pou **konbat kòz vilnerabilite yo**, diminye fòs pataswèl dezaz yo epi kore jefò ki ap fèt pou devlopman dirab ak patisipasyon fanm tankou gason nan tout kouch kominote-a.

## 2.4 Sistèm peyi Dayiti nan zafè risk ak dezast

### 2.4.1 Òganizasyon estrikti yo

#### a) Sistèm Nasyon Jeyon Risk ak Dezast (SNGRD)






**b) Modèl pilòt nan nivo katye**


Anplis de chema SNGRD-a ki prezante estrikti yo ak jan yo makonnen, gen yon lòt estrikti ki pa, oubyen ki poko, nan chema-a ki rele Ekip Entèvansyon Kominotè (EIC). Estrikti sa nan faz esperyans toujou nan anpil seksyon kominal peyi-a. Se yon fason pou genyen ekip kominotè ki pi pre popilasyon-an pou ede nan sansibilizasyon, bay alèt, pote repons, elatriye.

**Chema kòdinasyon ak entèvansyon nan nivo komìn yo**



Sous: Methodologie Pilote Equipes d'Intervention Communautaire (DPC, CRH)

2.4.2 Faz ak nivo alèt nan peyi-a



Sous: Chèche konnen pi plis sou siklòn, CTESP-SPGRD

Nan chapit III, nou va wè MESAN NATIRÈL NAN PEYI DAYITI



Foto gwo van siklòn

# Chapit III: Menas natirèl nan peyi Dayiti

## 3 Menas natirèl yo

### 3.1 TRANBLEMAN TÈ

#### 3.1.1 Definisyon

Tranbleman tè se yon bann sekous vyolan, oubyen pa vyolan ki fèt anba tè-a. Chak sekous pa depase kèk segond oubyen minit.


#### 3.1.2 Orijin

Tranbleman tè a sòti nan yon espas ki chita andan tè a nan yon pwen ki rele fwaye. Gen yon kouran ki pase ladan l ki simaye jis li rive deyò tè a pou souke l. Men, lè kouran an rive an ba lanmè li kapab fè gen sounami.



Yo mezire kantite Eneji kap sòti nan episant tèa nan ka yon Tranblemanntè. Yo mezire enèji yo avèk yon aparèy yo rele sismograf nan yon Echèl an chif ki se nivo wotè li mezire nan Echèl la.

Echèl Richter, ©World Vision 2012



### 3.1.3 Fason li manifeste

Nan chak tranbleman tè nou ka wè twa bagay:

- Siy ki anonse l se bwi oubyen anba tè a kap gwonde;
- Pi gwo aksyon ki konn bay gwo sekous youn deyè lòt ki ka **kraze kay, wout, pon ...**
- Replik yo se sekous ki pa twò vyolan ki pase pandan anpil jou, pafwa semèn oubyen mwa.



Foto1 : Kay kraze, Tranbleman tè Ayiti, 12 janvyè 2010

### 3.1.4 Mezi pwoteksyon

Pou diminye dega tranbleman tè a ka fè, nou ankouraje lekòl yo swiv konsèy sa yo :

#### a) Anvan Tranbleman tè a :

- Idantifye tout risk ki nan lekòl la epi jwenn yon solisyon
- Fè yon plan aksyon
- Fè egzèsis similasyon ak evakyasyon
- Pale ak paran yo pou byen fè kay yo

#### b) Pandan Tranbleman tè a:

- Rete lwen fenèt yo
- Mete kòw bò yon kwen mi ki solid
- Pwoteje tèt ou avèk ponyèt ou yo
- Antre kòw anba yon tab
- Pa rete anba bagay ki kapab tonbe sou ou tankou: eskalye, pon, vye kay ki pa solid.

c) Aprè tranbleman tè a:

Lè premye sekous yo fin pase, fò w :

- Pa fè lòt sekous yo konfyans
- Kite zòn ki pre lanmè pou ka sove si ta gen sounami
- Mennen moun ki blese yo nan sant sante
- Pote sekou bay moun ki nan bezwen yo
- Bay moun ki sibi emosyonèl yo sipò sykolojik ;
- Esterès ak reaksyon emosyonèl kapab fè w touye tèt ou;
- Chache sipò medikaman bò kote Ministè santé ak lòt òganizasyon k ap bay èd yo pou moun ki gen depresyon yo;
- Ranfòse kapasite rezilians timoun yo pandan n ap kreye kèk lòt aktivite pou pèmèt yo readapte yo byen vit



**Pwoteje tèt  
nou**

**3.1.5 Teste Konesans :**

Metè vrè oubyen fo


Èske tranblemann tè se lè tè a ap souke?	vrè
Èske tranblemann tè ka pase anlè?	Fo
Èske tranblemann tè kapab fè moun mouri ?	Vrè
Èske tranblemann tè kapab kraze kay yo ?	Vrè
Èske nou dwe pè lòt sekous yo aprè yon tranblemann tè.	Vrè

## 3.2 SOUNAMI

### 3.2.1 Definisyon

Sounami se yon gwo vag rapid ki kapab fèt aprè yon tranbleman tè ki pase anba lanmè, aprè yon volkan oubyen yon mouvman tè a.

### 3.2.2 Fason li fòme



- Yon tranbleman tè ki fèt anba lanmè kapab lakòz anpil gwo dlo deplase. Gwo dlo sa yo se yon fenomèn vag lanmè, ki pran tout sa li jwenn sou wout li, li rele tou radmare.
- Lè premye vag sounami an ap vini, lanmè a ale dèyè anvan (Sa toujou atire moun ki renmen wè yo).
- Après sa premye vag la vini, li kouri avèk yon vitès 500 jiska 800Km/è, vag la frape bòkote lanmè a, li kraze tout sa li jwenn sou wout li (Kay...). Dlo lanmè kapab antre byen lwen nan tè a.
- Lanmè a kapab retounen pou l bay yon lòt vag. Yo konte nòmalman kèk vag sèlman ki nan sans l'ap pèdi tanzantan nan fòs li.



Foto 2 : Sounami nan peyi Japon, mas 2011

### 3.2.3 Mezi Pwoteksyon

Fòm timoun yo sou sounami se fè yo pran konsyans sou bezwen peyi a ak ba yo bon konpòtman pou yo adopte.

Men konpòtman nou dwe genyen:

a) Anvan sounami an

- bay popilasyon an enfòmasyon nan radyo ak nan televizyon san pwoblèm ;
- Fè manm fanmi yo konnen tout danje ki gen nan sounami;
- prepare yon sak pandan nap mete : radyo, pil ki ka rechaje, manje, dlo trete, medikaman, papye enpòtan tankou (paspò, kat idantite), rad, bouji, alimèt, elatriye

b) Pandan Sounami an

- Rete sou yon mòn;
- Rete lwen zòn ki gen lanmè;
- Pa kite zòn ki asire; (pi bon yo) ;
- Koute toutan anons radyo

c) Après Sounami an

- Koute radyo pou konn kilè danje-a ap fini;
- Swiv lòd pwoteksyon sivil yo bay anvan nou retounen nan kay;
- Pote èd bay moun ki viktim yo.



### 3.2.4 Teste konesans

Tcheke bon repons la :

<b>Sounami an se :</b>	
Yon plaj	
Yon vag	✓
Yon mòn	
<b>Sounami an ka fòme :</b>	
Nan pays Dayiti	
Nan fon lanmè	✓
Nan mòn	
<b>Sa yo ka fè gen sounami:</b>	
Dife	
Tranbleman tè	✓
Rivyè yo	
<b>Yon Sounami Ka fè :</b>	
Moun mouri	✓
Lapli	
Kay kraze	✓
Tranbleman tè	
maladi dyare	
<b>Pou diminye dega yon Sounami ka fè nou dwe:</b>	
Pale sou Sounami nan radyo	✓
Rete prè lanmè	
Kouri ale nan mòn	✓
Kite kote ki asire yo	

## 3.3 SIKLON

### 3.3.1 Definisyon

Yon siklòn se yon ajitasyon nan atmosfè a ki gen fòm gwo mas nyaj ki fome yon toubyon; ki bay gwo van ak lapli. Ayiti chita kòl nan karayib la, yon zòn siklòn toujou pase. Sezon siklòn pase pi souvan kòmanse an jen rive an novanm. Kote Ayiti chita a ak lòt pwoblèm sosyal ekonomik fè l paka reziste lè gen siklòn. Faktè ki pi grav yo se vilnerabilite sosyal ak politik popilasyon yo, ewozyon nan mòn yo ak anviwonman an ki kapab agrave tout posibilite ke leta a genyen kòm feblès.

### 3.3.2 Sistèm twopikal nan Nò atlantik

Kapasite yon siklòn determine sou fòs van an.

Genyen twa kategori siklòn:

- 1) Si van an pi piti ke 63 km/è se yon depresyon twopikal
- 2) Si van an ant 63 ak 117 km/è, se yon tanpèt twopikal

3) Si van an depase 117 km/è, dimansyon siklòn nan rive. Yo rele fenomèn sa ouragan nan Karayib yo

Non sistèm nan	Dimansyon van an
Depresyon twopikal	29 rive nan 61 km/è
Tanpèt twopikal	62 rive nan 88 km/è
Ouragan nan Karayib yo	89 rive nan 117 km/è
Ouragan nan dimansyon 1	118 rive nan 153 km/è
Ouragan nan dimansyon 2	154 rive nan 177 km/è
Ouragan nan dimansyon 3	178 rive nan 209 km/è
Ouragan nan dimansyon 4	210 rive nan 248 km/è
Ouragan nan dimansyon 5	Pli ke 249 km/è

### 3.3.3 Konsekans yon siklòn

#### A. Dega fizik

- Anpil moun ka mouri, blese, disparèt oubyen andikape
- Kay yo ka kraze oswa yo domaje
- Wout, pon ka kraze, poto elektrik tonbe
- Epidemi maladi tankou malarya, kolera ak tifoyid

#### B. Dega nan sektè agrikòl

- Tè glise, ewozyon, jaden kraze
- Bèt ka mouri
- Dlo yo ka vin kontamine

#### C. Dega nan sektè endistriyèl, komès ak touris

- Faktori ka fèmen, moun pa ka al nan travay
- Labank fèmen, mache ak boutik pa ka fonksyone
- Aktivite touris yo bloke

### 3.3.4 Jesyon risk pou siklòn

Jesyon risk pou siklòn nan ede n respekte mezi prevantiv Santral siveyans pou siklòn an Ayiti ki rele Sant siveyans Siklonik Nasyonal Meteyoloji (CNM) bay e ki tabli yon sistèm pou fè konnen ap gen siklòn (SNGRD) oubyen (SPGRD) ak (DPC).

[Ale nan chapit II, pati 2.3.2 pou alèt siklòn nan peyi Dayiti]



Jounen mondial Rediksyon Risk ak Dezas nan Ti Gwav, Octob 2011

### 3.3.5 Mezi pwoteksyon

Mezi sa yo rasanble tout dispozisyon ke yon moun dwe mete an aplikasyon pou redwi konsekans negatif yo.

#### a) Anvan yon siklòn

- ▶ Koute radyo/gade televizyon tout moun nan yon zòn oubyen nan repiblik la kapab kapte ;
- ▶ Asire nou tòl yo byen kloure;
- ▶ Koupe pyebwa ki prezante danje yo ;
- ▶ Sere kèk bagay tankou: manje, medikaman, balèn, alimèt, dlo pou bwè, pil, flach, elatriye.

#### b) Pandan Siklòn nan

- Koute radyo san rete ;
- Rete dousman epi koute;
- Chwazi kote ki pi solid nan kay la pou w kanpe;
- Pa rete pre vit yo;
- Gade si kay la solid.

#### c) Après siklòn nan

- Tann tout bagay fini pou w sòti;
- Rete vijilan ak dlo lanmè kap moute;
- Ede viktim yo jwenn kote pou yo pran swen;
- Pa rete kote ki gen bagay kap tonbe tankou: tòl, planch, pyebwa, elatriye...
- Pa touche fil elektrik ki tonbe yo;
- Evalye dega yo;
- Ranje kay ki kraze yo.

### KOUMAN POU'N AJI

KOUMAN POU'N AJI		
<b>Anvan</b>	<b>ALÈT ANVAN SIKLÒN</b> Malè pandye nan jou k'ap vini yo, sa vle di nan plis pase 24 è (1 jou)	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Rete enfòme</li> <li>• Suiv nouvèl ak sa meteyo prevwa</li> <li>• Pa al pase jounen nan mòn epi pa monte lanmè</li> <li>• Verifye si w gen rezèv manje, dlo, pil pou radyo, flach, ak medikaman</li> <li>• Si w gen yon maladi ki frajil chèche mete w pi pre yon dispansè</li> <li>• Pa rete bò lanmè lè gen gwo vag</li> <li>• Chèche konnen abri ki pi pre w ak telefòn li</li> <li>• Anrejistre tout nimewo ijans yo</li> </ul>

	<b>ALÈT ORANJ</b> Danje a ka rive nan 24è (1 jou)	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Toujou rete enfòme</li> <li>• Lekòl ka fèmen men tout aktivite ekonomik yo ka kontinye fonksyone</li> <li>• Antre tout sa van ka pote ale (bwote ale)</li> <li>• Mete bèt yo yon kote ki asire</li> <li>• Ranfòse sekirite pòt, fenèt ak twati kay la epi koupe branch bwa ki bay sou kay la</li> <li>• Verifye si w gen rezèv manje, dlo, pil pou radyo, flach, ak medikaman</li> <li>• Chèche konnen abri ki pi pre w la ak telefòn li</li> <li>• Pèpare pou w kite zòn ou rete a si nesèsè</li> </ul>
<b>Nan Moman An</b>	<b>ALÈT ROUJ</b> Danje déjà rive sou nou	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Rete enfòme</li> <li>• Alèt wouj la bay nan yon espas 3 zè anvan siklòn nan anvayi</li> <li>• Pwofite de tan sa pou w antre lakay ou oubyen pou w al nan abri</li> <li>• Depi tan sa fin pase pa soti pou okenn rezon</li> <li>• Itilize telefòn selman si gen ijans</li> <li>• Rete enfòme</li> <li>• Rete tèt frèt epi pa pran panik</li> <li>• Tann yo retire alèt wouj la anvan w soti epi pa soti ak machin toutotan w pa gen nouvel ke wout yo bon</li> </ul>
<b>Après</b>	<b>FAZ APRÈ SIKLÒN</b> Menas siklòn nan fin pase men gen danje toujou	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Rete enfòme</li> <li>• Pa al travèse ni zòn ki inonde ni ravin kote gwo dlo desann</li> <li>• Lekòl rete fèmen men kòmès yo ka rekòmanse fonksyone</li> <li>• Pa manyen fil kouran ki kase tonbe atè</li> <li>• Pa kenbe nimewo ijans yo lontan pou pèmet lòt moun pase</li> <li>• Pa jennen ekip sekouris yo nan travay yo</li> <li>• Atansyon ak ki dlo n'ap bwè. Pito nou bwè dlo nan boutèy oubyen byen trete dlo pou n bwè</li> <li>• Tann yo otorize sikilasyon epi itilize machin ou sèlman si w gen gwo bezwen</li> </ul>

### 3.4 INONDASYON

#### 3.4.1 Definisyon

Inondasyon an se lè yon zòn anvayi ak dlo lanmè, dlo flèv oubyen dlo lapli.



Foto 4 : Inondasyon ki te fèt Gonayiv nan lane 2008 aprè siklòn Ana (Hannah)

### 3.4.2 Koz inondasyon nan peyi Dayiti

Inondasyon yo ka rive :

- Lè lapli ya ap tonbe fò epi rapid
- Lè nou koupe anpil pyebwa nan mòn yo;
- Dlo kap sòti nan mòn yo ;
- Fatra nan rivyè ak rigòl yo ki bouche kote dlo a ap koule;
- Lè tranbleman tè a pase anba lanmè sa ka fè gen sounami;
- Lè siklòn yo vini ak van, lapli san rete.

### 3.4.3 Konsekans negatif inondasyon yo

Inondasyon yo genyen konsekans grav, yo ka lakòz :

- Deplasman popilasyon;
- Materyèl andomaje tankou: kay, kabann, mèb,
- Domaj ekonomik tankou: yo pèdi fason yo te konn travay tè ak fè gadinay
- Pa gen ase dlo pou bwè
- Anpil maladi parèt tankou : kolera, tifoyid, malarya;
- Anpil moun mouri oubyen blese.

### 3.4.4 Mezi nou dwe pran

Pou redwi konsekans ekonomik ak sosyal nan anviwònman nou, popilasyon an dwe swiv plizyè etap sa yo.

#### a) Anvan inondasyon yo

- Koute nouvèl nan radyo sou inondasyon;
- Pale ak fanmi nou, sou sa nou dwe fè;
- Prewa materyèl ki pi enpòtan tankou : radyo, pil, flach, dlo trete, papyè enpotan, rad pou n mete, manje, elatriye ;
- Pa bati kay nou nan zòn dlo ka pote li ale (bò kote rivyè, falèz);
- Konnen mezi pou nou evakye epi ale nan yonabri pwovizwa ki touprè lakay nou.

#### b) Pandan inondasyon yo

- Pa rete nan zòn riske yo epi swiv tout konsèy pwoteksyon sivil yo ;
- Panse ak granmoun, timoun ak andikape yo
- Rete yon kote ki asire

#### c) Aprè inondasyon yo

- Respekte tout sa otorite lokal yo ak manm pwoteksyon sivil yo di anvan nou retounen lakay nou ;
- Di manm pwoteksyon sivil yo tout danje nou wè, moun ki disparèt, blese ak sak mouri ;
- Pote èd pou moun ki nan bezwen ;
- Evalye dega yo ak sa nou gen bezwen.

### 3.5 GLISMAN TEREN/ DEBOULONNAY TÈ

Glisman teren, se gwo deplasman tè a fè nan sifas li (anlè tè a) oubyen nan fondè li (anba tè a). Li kapab fèt sanzatann oubyen tou dousman sou yon pant.

#### 3.5.1 Kòz glisman teren/deboulonnay tè

Mouvman teren yo ka rive:

- Lè tè-a pa gen bon chapant;
- Lè gen ewozyon nan yon zòn ki gen pant epi ki pa gen pye bwa;
- Nan ka sechrès oubyen gwo lapli ;
- Lè soukous tranbleman tè frape;
- Nan mòn kote yo kase wòch ;
- Kote yo fouye tè pou fè teras pou bati kay nan mòn.

#### 3.5.2 Konsekans glisman teren/deboulonnay tè

Mouvman teren yo ka lakòz:

- Tè-a bimen (li glise epi pati ak tout bagay ki sou li, tankou moun, pye bwa, bèt, kay elatriye...);
- Gwo pil tè ka sòti anwo pou tonbe sou kay ak moun ki anba;
- Dlo pi nan zonn nan fè labou;
- Gwo wòch ka woule epi fè gwo dega (kraze kay, touye moun);

#### 3.5.3 Mezi nou dwe pran

Mezi nou pral site la yo se sa yon moun dwe mete an aplikasyon pou diminye kantite glisman teren/ deboulonnay ak dega li ka fè nan kominote-a.

##### a) Anvan fenomèn nan

- Depi nou wè pye bwa yo komanse kouche, tè-a komanse fann, avèti otorite yo vit paske gen chans pou genyen glisman teren;
- Idantifye nan kominote-a tout kote ki kapab woule avan sezon lapli komnanse;
- Gaye prese prese mesaj pou deplase moun ki nan zonn ki bimen avan menm tè-a woule;
- Se pou Majistra ak lòt Otorite leta yo, Pè, Mè, Pastè, Bòkò, Manbo ak manm Komite pwoteksyon sivil yo fè kanpay sansibilizasyon nan legliz, nan mache ak nan lekòl pou enfòmè moun ki rete nan zòn riske yo;
- Fè sèy ak sak tè pou anpeche tè-a woule.

##### b) Pandan fenomèn nan

- Chape poul nou kouri ale nan yon zonn ki gen plis sekirite;
- Pa rete tou pre glas, tchayina, kwafez, televizyon ak tout lòt bagay ki fèt ak vit (fenèt, pòt);
- Menm lè n'ap chèche pou nou kache, toujou mete 2 men nou sou tèt nou;

- Si nou nan jaden, pa rete tou pre gwo pye bwa;

*c) Apre fenomèn nan*

- Mete nou nan espas ki gran epi kip a pre gwo kay, poto ak fil kouran paske yo ka tonbe sou ou ;
- Pa rantre nan kay ki panche, ki genyen mi fann epi ki preske tonbe ;
- Si nou pa ka soti, nou bloke anba pil tè oswa debri kay kraze, fè siy pou fè konnen nou la (fè bri ak moso fè, rele, pale) jiskaske yo pote-w sekou ;
- Retounen lakay ou apre modòd Otorite oswa Pwoteksyon Sivil nan zonn nan.

Nan chapit IV, nou va wè Zouti pedagogik ASB ak OXFAM



[https://www.facebook.com/photo.php?fbid=492510272015495&set=pb.160208137379046\\_2207520000\\_1367265140\\_&type=3&theater](https://www.facebook.com/photo.php?fbid=492510272015495&set=pb.160208137379046_2207520000_1367265140_&type=3&theater)

# CHAPIT IV: Zouti pedagogik yo

## 4 . Zouti pedagogik ASB ak OXFAM


Materyèl imaj ASB propoze yo se yon bann enstriman pedagogik ki ekri an fransè oubyen an kreyòl ki rann zafè fòmasyon sou Rediksyon Risk ak Dezas yo nan Edikasyon (RRD/E) fèt pi fasil. Poutèt sa, nou dwe konnen kòman pou n sèvi ak materyèl sa yo pou nou ka byen itilize yo. An nou gade kisa materyèl sa yo ye ak kijan nou dwe sèvi ak yo.

### 4.1 Pedagoji

Genyen twa (4) kalite zouti pwofesè-a ka itilize pou travay ledikasyon ak sansibilizasyon elèv yo. Genyen ladan yo se postè ki gen dimansyon (17 x 23 pou), genyen foto (17 x 22 pou), genyen kèk kat ak yon ti liv sou tout konsiy yo. Sa yo se pou sansibilize moun sou tranbleman tè, sounami, inondasyon, siklòn ak deboulonnay tè.

#### 4.1.1 Kalite zouti yo

- **Pwemye kalite zouti (postè)**
  - Yon postè se pou sansibilizasyon sou dis (10) mezi sekirite lè gen tranbleman tè. Kategori sa genyen dis (10) imaj, chak imaj koresponn ak youn nan mezi sekirite yo.
  - Yon lòt kategori postè se pou sansibilizasyon sou deboulonnay tè, li ekri an kreyòl pou tout moun ki se Ayisyen ka li l. Nan postè sa a gen tout siy ak eksplikasyon sou tout sa ki kapab lakòz deboulonnay tè tankou : anpil lapli, tè ki renmen fè labou, lè n fouye twòp tou, lè n koupe twòp pye bwa ...



- Genyen yon kategori se pou sansibilizasyon sou egzèsis similasyon yo. Postè sa ekri an kreyòl tou, li moutre nou senk (5) etap pou yon egzèsis similasyon. Chak etap gen yon imaj ak eksplikasyon sou : kòman pou n planifye yon egzèsis



similasyon, ki bò nou dwe mete alam nan ak konbyen tan li dwe fè ap sonnen, kisa nou dwe fè lè alam nan kòmanse sonnen, kijan nou dwe sòti lè alam nan fin sonnen, kisa reskonsab yo dwe fè aprè egzèsis similasyon an.


- Yon zouti pou aprantisaj nèf (9) mezi sekirite yo ki fasil pou nou itilize. Se dis kat ki gen dimansyon 11.5 pous/17 pous, chak koresponn ak youn nan mezi sekirite yo.



- Yon zouti aprantisaj sou risk inondasyon ak tranbleman tè. Zouti sa se youn kat ki gen dimansyon (8.5 pous/11 pous) li prezante sou fòm istwa. Youn sou tranbleman tè ak youn lòt sou inondasyon, yo itilize istwa sa yo pou bay fòmasyon sou RRD/E.

**Dezyèm kalite zouti (kat)**

- Yon kat fay nan peyi Dayiti (17 x 22 pous). Kat sa montre jan fay ki ka lakòz tranbleman tè ak sounami gaye anba tè ak lanmè peyi-a.



- Yon kat (17 x 22 pous) ki montre istwa siklòn twopikal yo ak ki jan sikilasyon yo fèt ane apre ane. Chak fil wouj ki sou kat la reprezante yon siklòn ki pase deja.



- Fòk gen evalyasyon aprè chak aprantisaj. Poutèt sa, gen yon katriyèm kategori kat ki ede nou evalye nivo konpreyansyon timoun yo sou sa nou te aprann yo sou tranbleman tè ak inondasyon. Kat sa yo gen dimansyon 5.5 pous/8.5 pous. Se yon tip evalyasyon sou fòm « **vrè oubye fo** », kote timoun yo ap fè diferans ant bon konpòtman yo dwe genyen ak move konpòtman yo dwe evite.

- **Twazyèm kalite zouti (foto)**

Tout 5 foto sa yo fèt nan dimansyon 17 x 22 pous pou pèmèt elèv yo byen wè epi pou esplike epi bay opinyon yo apre.

- Foto sou inondasyon



- Foto inondasyon ak evakyasyon



Port-au-Prince, 25 août 2012  
<http://www.rfi.fr/amerique/20120826-tempete-isaac-pluie-s-est-arretee-haiti-autorites-craignent-glissemets-terrain>

- Foto sou kit ijans



<https://www.facebook.com/photo.php?fbid=480510272015496&set=pb.160208137379046.-2207520000.1367265140.&type=3&theater>

- Foto sou glisman teren




<http://www.parismatch.com/Actu-Match/Monde/Photos/octobre-2011/Dans-le-vide-344489/>

- Foto sou sounami



- Katriyèm kalite zouti (ti liv)




Yon ti liv 10 paj (8 ½ x 11) ki rele « M'ap prepare kont dezaz » genyen konsiy pou elèv yo sou 5 menas nou te pale yo.

### 3.1.2 Jan nou dwe itilize zouti ASB ak OXFAM yo

1. Postè sansibilizasyon yo dwe kole nan direksyon lekòl, biwo ak mi legliz yo. An gwo, postè sa yo dwe kole yon kote pou tout moun ka wè ak li sa ki ladan yo. Se yon zouti pou sansibilize anpil moun ak pou fè pase yon enfòmasyon. Anplis, pou moun ki te patisipe nan fòmasyon sou Rediksyon Risk ak Dezaz (RRD/E), postè sa yo ap ede yo sonje sa yo te aprann.

2. Postè ki pou fè aprantisaj nèf (9) mezi sekirite yo fèt pi fasil la, dwe itilize nan devlopman twazyèm gran pwèn nan modil « ijans la » ki gen tit mezi sekirite. Paske chak nan imaj sa yo koresponn ak youn nan mezi sekirite yo. Men, lè nou ap eksplike yon mezi sekirite, nou dwe prezante imaj ki gen nimewo li koresponn ak mezi sekirite sa. Pa egzanp, si nou ap prezante premye mezi sekirite a, nou dwe prezante imaj nimerò en (1). Lè nou ap eksplike dezyèm mezi a, nou dwe prezante imaj nimerò de (2).
3. Postè nou sèvi pou fòm timoun yo sou inondasyon ak tranbleman tè yo dwe itilize tankou yon zouti ki atire atansyon timoun yo. Postè sa yo gen twa (3) pati :
  - Premye pati ya se fas foto a, li rele « dekouvet ». Paske nan pati sa timoun yo dwe di kisa yo wè nan foto a ak kisa yo konprann. La tou, dwe gen entèraksyon, timoun yo dwe gen chans pou byen gade foto a ak di kisa yo panse sou li.
  - Dezyèm pati a nan do foto a, se sou pati sa nou ekri istwa nou itilize pou fè mesaj sou prevansyon risk yo ak konpòtman moun dwe genyen lè gen dezast. Yo dwe li pati sa dousman pandan yo ap pote presizyon sou mo kle ki nan pwogram RRD/E. Se sou fòm ekspozè sa dwe fèt. Mo sa yo dwe repete anpil fwa pou timoun yo ka tou kenbe yo (konnen nan tè yo). Nou toujou ap poze kesyon nan pati ki pi entèrasan nan istwa a pou nou wè si yo ap swiv leson nou vle fè pase a.
  - Twazyèm pati a nan do foto a tou. Pati sa se yon bann eksplikasyon anplis oubyen yon bann ti nòt ki kapab ede pwofesè yo lè yo ap fè fòmasyon. Pati sa bay pwofesè yo chans pou pataje eksperyans pèsonèl yo ak bay eksplikasyon sou mo difisil yo.



4. Genyen 2 foto sou inondasyon :

a) Yonn montre ri 24A nan vil Okap ki inonde. Apre elèv yo fini byen gade foto-a, pwofesè-a ap poze kesyon pou elèv leve men epi esplike kisa yo konprann nan foto sa. Li ap poze kesyon sa yo :

- 1) kisa ou wè nan foto sa ?
- 2) Kòman dlo sa fè pran lari-a konsa ?
- 3) Pouki dlo-a gen koulè sa ?
- 4) Ki danje dlo sa ka lakòz ?
- 5) Kisa ki kapab fèt pou anpeche dlo sa pran lari-a yon lòt lè menm jan ankò ?

b) Yon lòt montre moun ki ap evakye pandan inondasyon. Pwofesè-a ap mande elèv yo :

- 1) Kisa ou wè nan foto sa ?
- 2) Kisa-w wè moun yo ap fè ?
- 3) Eske-w pa remake genyen moun ki kanpe ap gade?
- 4) Ki wotè ou wè dlo-a bay moun yo ?
- 5) Eske dapre ou moun yo pa ta dwe evakye avan dlo-a rive wotè sa ?

5. Foto sou kit ijans

Pwofesè-a kapab mande elèv yo :

- 1) Eske nou idantifye tout bagay ki nan foto sa ?
- 2) Ki pwekosyon fèm ou dwe pran ak balèn limen?
- 3) Koman nou rele tout bagay sa yo, lè nou mete yo ansanm yon kote ?
- 4) Pou konbyen tan mwen prepare kit ijans la ?
- 5) Chak ki lè mwen ta dwe prepare yon kit ijans ?

6. Foto sou glisman teren


- 1) Kisa nou wè nan foto sa?
- 2) Eskè nou ka bati kay nenpòt kote ?
- 3) Kisa ki ka rive lè nou bati kay nan flan mòn ak nan pye mòn?
- 4) Eske ou pa konn tande wòch ki woule soti nan mòn fè dega?
- 5) Esplike poukisa kapab gen gwo pèt?

7. Foto sou sounami

- 1) Kisa nou wè nan foto sa?
- 2) Kisa ki lakòz lanmè-a monte nan wotè sa ?
- 3) Avan lanmè-a te monte nan wotè sa, kisa li te fè ?
- 4) Eske-w ka kouri oubyen naje ak vag sa yo ?
- 5) Kisa ou t'ap fè si-w te nan zòn nan lè alèt la bay ?

8. Pou kat ki ede evalye timoun yo. Se yon bann kat ki gen repons vrè oubyen fo. Sa vle di, yon kat gen imaj ki sanble ak yon bon lide ak yon lòt gen imaj ki sanble ak yon move lide. Nan ka sa a, nou dwe prezante timoun yo tou de (2) kat yo ansanm ak poze yo kesyon sou kat sa yo pou nou wè si yo ka fè diferans ant kat ki gen bon konpòtman an

ak sa ki gen move a. zouti sa ede nou mezire konesans timoun yo, epi pwofesè a ka wè ki pwogrè timoun yo fè ak sa ki manke. Li pral ka fè yon fason pou li fè sa ki manke yo.



# Pou jwenn plis enfòmasyon:

---

- |  |   |
|--|---|
| 1- Protection civile (Haiti)               | <a href="http://protectioncivilehaiti.net/">http://protectioncivilehaiti.net/</a> |
| 2-Institut des Risques Majeurs de Grenoble | <a href="http://www.irma-grenoble.com">http://www.irma-grenoble.com</a>           |
| 3- Croix Rouge Haitienne                   | <a href="http://outilsrrdhaiti.cridlac.org">http://outilsrrdhaiti.cridlac.org</a> |
| 4- Prim.net                                | <a href="http://www.prim.net">www.prim.net</a>                                    |



# Glosè

---

**Jere risk** : Se yon pakèt teknik ke yo prepare yo mete ansamn pou fè prevansyon ak alejman sou risk. Jere risk gen pou bi redwi tout menas ki ka genyen sou byen moun, ak enviroanman-an

**Kit ijans**: Se yon sak ki genyen ase nan tout gabay pou pwoteje kò-w, pou manje, bwè epi pou fè liyèn pandan 3 jou.

**Alet meteo**: Sèvis meteo bay siyal (mesaj) sa pou esplike koman tan-an ye nan yon moman.

**Menas** : Se yon bagay ki kapab vini pa yon evènman natirel oubyen pa moun ki gen move konsekans sou byen moun ak enviroanman.

**Vilnerabilite**: Kondisyon entèn youn moun, yon kominote, ki touche pa yon bagay ki kapab detwi.a

**Kapasite**: Fòs ke anpil moun, kominote genyen poul devlope tèt li, ou poul pran pozisyon kont yon evenman ki ka detwil moun oubyen kominote-a kapab renprann yo aprè.

**Risk** : posibilite ki genyen lè yon evènman rive, nan yon kominote nan yon tan ak nan yon zòn byen detèmine

**Dezas** : lè kondisyon vi nòmal la chanje. Pa gen kapasite pou reziste ak chòk la e sa mande èd lòt peyi.

**Alèt** : se lè yo anonse yon danje k ap vini byen vit, sa ap pèmèt popilasyon yo prepare yo ou pou aji byen pou yo kapab diminye kantite dezast ki ka reve

**Alèt prekòs** (pwemye alèt): se lè w jwenn tout bon enfòmasyon nan yon tan itil ki soti nan kèk enstitisyon ke tout moun konnen, ki pèmèt ak tout moun ki te an danje yo aji byen vit pou ya ka evite ou byen diminye risk yo kont kont tout sa ki ka rive yo. Sistèm alèt sa a gen plizyè bagay laan l : konpreyansyon ak kat menas yo, swivi ak previzyon sou evènman k ap vini yo ; aplike tout aksyon ki apwopriye atan.

**Prevansyon** : se yon atitid oubyen tout mezi ki pou pran pou evite yon sitiyasyon (yon katastwòf). Li genyen tout mezi proteksyon pratik yo “fizik” e ki antre nan lwa pou kontwòl tèritwa-a ak planifikasyon vil la

**Mitigasyon** : se tout mezi yo pran avan yon katastwòf ki pèmèt yo redwi ou anile tout dega ki ka fèt sou sosyete a ak anviwonman an. Egzanp : konstriksyon kay, pil tè ou byen touf bwa yo plante pou anpeche ewozyon ki ka lakoz dlo yo fouye ti rigòl, ris sa yo ka vin rann rejyon yo vin pi vilnerab.

**Evakyasyon** : se lè w kite kote w te ye a pou ale rete nan yon lòt kay nan yon strikti pwovizwa

**Epidemi** : se lè yon maladi atrapan kontamine anpil moun byen vit

# Lis referans

---

ASB (2012), Edikasyon sou Rediksyon Risk ak Katastwòf yo, *Manyèl pedagogik pou anseyan*, 24p.

Centro Regional de Referencia en Educación Comunitaria (avril 2008). «Edikasyon, òganizasyon e Preparasyon kominotè pou Diminye Ris la », nan *Evite Miyò Pase Mande Padon*. Costa Rica : Quinta Edición, 50 paj

DPC & CRH, *Methodologie Pilote d'Equipes d'Intervention Communautaire*, 8 p.

Jean-Pierre Husson, « Yvette Veyret (sous la direction de), 2003, *Les risques*. », *Revue Géographique de l'Est* [En ligne], vol 43 / 3 | 2003, mis en ligne le 01 décembre 2010, consulté le 20 janvier 2012. URL : <http://rge.revues.org/2423>

Leone F., Vinet F., DeRichemond N. (2010)- *Aléas naturels et gestion des risques*- Presses Universitaire de France, PUF 284 p.

Mavoungou J., Saffache P. (dir.). (2007)-*Les risques naturels majeurs dans la Caraïbe*. Paris: Éditions Publibook ( Études Caribéennes, 7), 148 p.

Wisner B., Davis I., Cannon T., Blaikie P. (1994)-*At Risk:Natural Hazards, People's vulnerability and disasters*- London Routledge, 284 p.

Marguerite C. (2009) - *Haïti et les catastrophes naturelles : prévention et gestion des risques en vue de la saison cyclonique 2008*, Université Paul Valéry 106 p.

Ministère de l'Interieur et des Collectivités Territoriales (fevrier 2001), *Plan National de Gestion des Risques et des Desastres*, 32 p.

Commission Océanographique intergouvernementale. Préparation aux tsunamis. *Guide d'information à l'intention des responsables de la planification en cas de catastrophes*. Manuels et guides de la COI, 49.Paris, UNESCO, 2008 (anglais, français, espagnol) 27 p.

OXFAM, Pwemye pa nan Jesyon Risk ak Dezas (Manyèl 1), 21 p.

Prepetit C-*Tremblement de terre en Haïti : mythe ou réalité*- Laboratoire national du bâtiment et des travaux public en Haïti <http://www.lnbtgouv.ht/publications/seisme-haiti.pdf>

Ministère de l'éducation nationale et de l'enseignement supérieur et de la recherche des Comores (2008) *Teacher's handbook*,

Plan Internacional Ecuador- Gui para análisis de amenazas, vulnerabilidades y capacidades con la participación de niñas, niños y adolescentes, MM&G Comunicación, Ecuador 2010

Federación Internacional de Sociedades de la Cruz Roja y de la Media Luna Roja- Escuela protegida, Peru 2010

World Vision-*Dokiman Fomasyon jesyon Risk ak dezaz*, Haiti 2012

Croix Rouge Américaine, Croix Rouge Haïtienne - *Ansanm nou pare*, Haïti 2010

Elicois JD., (2011)- chanson '*Pwoteje tèt nou'*- Haiti

LEKOL! YON ESPAS POU REDWI RISK AK DEZAS  
LEKOL! YON ESPAS POU REDWI RISK AK DEZAS